



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 11 novanm 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOCHEN APLIKASYON KREDI FISKAL POU PATWON KI ANBOCHE
VETERAN APRE 11 SEPTANM YO**

***Patwon yo te resevwa prim ankourajman pou anboche veteran apre 11 Septanm yo epi ede redui to
chomaj la pami popilasyon sa a***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse kòmansman yon efò pwomosyon Divizyon Afè Veteran Eta New York ap fè pou bay yon kredi fiskal \$74 milyon dola pou ankouraje patwon yo anboche veteran apre 11 Septanm New York yo ki nan chomaj pou kounye a.

Gouvènè Cuomo di konsa, "Tout Nouyòkè yo dwe yon rekonesans espesyal pou gason ak fanm brav Fòs Lame Etazini ki te sèvi nan anpil ane apre 11 Septanm. Gen apeprè 75.000 veteran apre 11 Septanm k ap viv nan Eta New York jodi a. Gason ak fanm brav sa yo te sèvi peyi nou an, kounye a se moman pa nou pou ede yo retounen nan travay."

Toupatou nan peyi a, veteran apre 11 Septanm yo gen yon to chomaj 10,0 pousan. Veteran apre 11 Septanm yo ki poko gen laj 25 ane gen yon to chomaj 10,5 pousan. To chomaj pou veteran apre 11 Septanm yo parèt pi wo pase to chomaj pou lòt moun ki pa veteran yo. Gouvènè Cuomo ki rekonèt pwoblèm sa a te fè èd pou djòb pou veteran apre 11 Septanm yo yon priyorite administrasyon li a, ki endike nan pwojè "Experience Counts" li pou montre ladrès ak eksperyans militè veteran yo nan opòtinite pou travay.

Apati Jou Veteran yo, Divizyon Afè Veteran Eta New York pral voye kourye enfòmasyonèl dirèk sou kredi fiskal ba òganizasyon ki angaje pou anboche veteran yo. Answit, Divizyon Afè Veteran pral ankouraje kredi fiskal pou òganizasyon Veteran yo ak lekòl ki aksepte avantaj Post-9/11 G.I. Bill, epi y ap bay tiliv enprime ki dekri kredi fiskal la pou plis pase 150 Òganizasyon Sèvis Veteran ak Konseye distribye.

Kredi fiskal la ap anvigè 1ye janvyè 2014.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Haitian Creole